# Xalıq bilimlendiriw sistemasın reformalaw boyınsha Shımbay rayonlıq milliy keńestiń birinshi májilisi bolıp ótti

Elimizde bilimlendiriw tarawına qaratılǵan itibar, onı rawajlandırıw baǵdarındaǵı ámeliy isler, erteńgi bilimli keleshektiń jetilisip shıǵıwına tiykar jaratpaqta. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 3-fevraldaǵı Pármanı menen Xalıq bilimlendiriw sistemasın reformalaw boyınsha Milliy keńestiń dúziliwi xalıq bilimlendiriw sistemasın reformalaw, sırt el mámleketleriniń eń aldıńǵı tájiriybeleri tiykarında bilimlendiriw sapasın jaqsılaw, pedagog kadrlardıń bilimi hám mamanlıǵın xalıq aralıq dárejege alıp shıǵıwda úlken áhmiyetke iye boldı.

Image not found or type unknown

Xalıq bilimlendiriw sistemasın reformalaw boyınsha Shımbay rayonlıq milliy keńestiń birinshi májilisi bolıp ótti. Májilisti Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi Baslıǵınıń Jaslar siyasatın rawajlandırıw hám ruwxıy aǵartıwshılıq isleri boyınsha orınbasarı Abatbay Daniyarov alıp bardı. Onda ulıwma bilim beriw mektepleri direktorları hám de tiyisli mákeme hám shólkem basshıları qatnastı.

Image not found or type unknown

Kún tártibindegi máseleler boyınsha ulıwma bilim beriw mekteplerinde orın alǵan kemshilikler sınǵa alındı.

Mekteplerde oqıwshılarǵa berilip atırǵan bilim sapasın, oqıtıwshılardıń potencialın, bilimlendiriw orınlarınıń reyting nátiyjelerin jaqsılaw boyınsha ámelge asırılatuǵın jumıslar jóninde anıq wazıypalar belgilep alındı.

Image not found or type unknown

Shımbay rayonı hákimliginiń Málimleme xızmeti